Recueilli par : Edouard SENGHOR
Dit par : Iba Samba, 24 ans
Village Touba Mbacké

enfant

## NJUGA NJAAY AK UB JANKAM

- Léebòon !
- Lippòon !
- Amoon na fi !
- Daana am !
- Ba mu amee yaa fekkee ?
- Danga wax ma dégg.
- Waxi tey jar naa gëm ?
- Sa jos a ci raw !

Njuga Njaay moo ni woon dafay takk ab janka. Leegi nag mu dem ba ci àll bi mu samp ko fa. Muy taw, benn jëgg jaar fa ni day seelu ci jank bi. Bi mu seeloo ba taw bi sébét, mu bëgg dem nag. Njuga ni ko :

Njuga ni ko :- Moo jëgg loo nar ?

Mu ni ko : - Aa ! xanaa seeloo sab jank di la xool.

Njuga ni ko : - Jank bi maa ko takke paxelaak pallëngal, bul dem bàyyil ndesu.

Jëgg bi dindi aw sëb jox ko. Njuga yor sëb wi, benn kéwal jaar fa mu sànni ko sëb wi, kéwal gi lekk sëb wi ba noppi bëgg dem.

Juga ni ko : - Moo kéwal loo nar ?

Mu ni ko : - Aa ! xanaa lekk sa sëb di la xool.

Njuga ni ko : - Sëb wi sëbu jëgg
Jëgg seelo saab jank
Jank bi maa ngi ko takke paxelaak pallëngal, bul dem, bàyyil ndesu.

Kéwal gi jël benn car jox ko. Njuga di dem, di dem ba gis genn guy, mu jël car bi taf ko ci,guy gi màggaale car bi.

Njuga ni ko : - Moo guy, Guy Samba loo nar ?

Mu ni ko :-Aa ! xanaa màgge sab car di la xool.

Njuga ni ko : - Car bi carub kéwal
Kéwal a yéy saab sëb
Sëb wi sëbu jëgg
Jëgg seeloo saab jank
Jank bi maa ko takke paxelaak pallëngal, bul dem bàyyil ndesu.

Guy gi dindi ci cëgg mi jox ko. Njuga di dox, di dox, di dox ba gis ab samm ci benn teen. Sàmm bi bëgg wëgg jur yi te amul lu mu leen wëggale ; leegi Njuga jox ko cëgg mi. Mu wëgg si ba xar yéek béy yéek nag yi màndi. Leegi sàmm bi bëgg dem.

Njuga ni ko : - Moo Sàmm loo nar ?
Mu ni ko : - Xanaa wëggé sab goj di la xool.
Njuga ni ko : - Déet, ndax goj bi gojub guy
Guy màgge saab car
Car bi carub kéwal
Kéwal yéy saab sëb
Sëb wi sëbu jëgg
Jëgg seeloo saab jank
Jank bi maa ko takke paxelaak pallëngal, bul dem bàyyil desu.

Sàmm bi tanx ci meew mi mu yoroon jox ko. Leegi Njuga di dem, di sem, di dem ba gis jànji detndeer yooyu, wu wow koŋŋ. Mu ñów rekk fab meew mi sotti ko ci kow jànj bi. Meew daldi ŋiis ci jànj bi.

Njuga ni : - Moo jànj Samba loo nar ?
Mu ni ko : - Aa ! xanaa naan sa meew di la xool.
Mu ni ko : - Meew mi, meewum Sàmm
Sàmm wëggé saab goj
Goj bi goju guy la
Guy màgge saab car
Car bi caru Kéwal
Kéwal yéy saa sëb
Sëb wi sëbu jëgg
Jëgg seeloo saab jank
Jank bi maa ko takke paxelaak pallëngal bul dem bàyyil ndesu.

Jànj bi dindi ci wogg yi jox ko ci wenn. Njuga di dox, di dox, di dox ba fekk ndox mu taa (xam nga bu nawetee ndox yi dañuy taa), mu jël wogg wi sànni ko ci biir ndox mi. Wogg wi daldi seey.

Njuga ni ko : - Moo dex dexaan loo nar ?
Mu ni ko : - Xanaa jël sa wogg di la xool.
Mu ni ko : - Wogg wi woggu jànj
Jànj jël saam meew
Meew mi meewum Sàmm
Sàmm wëggé saab goj
Goj bi goju guy
Guy màgge saa car
Car bi caru Kéwal
Kéwal yéy saa sëb
Sëb wi sëbu Jëgg
Jëgg seeloo saa jank
Jank bi maa ko takke paxelaak pallëngal bul dem bàyyil ndesu

Dex gi tanx ci ndox mi jox ko. Njuga di dem, di dem, di dem ba gis daay guy tàkk ci àll bi. Njuga jël ndox mi sotti ci. Leegi daay gi nar fey.

Njuga ni ko : - Aa ! moo daay Samba loo nar ?
Mu ni ko : - Xanaa jël sa ndox di la xool.
Mu ni ko : - Ndox mi ndoxum ndex la
Dex a jël saa wogg
Wogg bi woggu jànj
Jànj jël saa meew
Meew mi meewuum Sàmm
Sàmm wëggé saa goj
Goj bi goju Guy
Guy màgge saa car
Car bi caru Kéwal
Kéwal yéy saa sëb
Sëb wi sëbu Jëgg
Jëgg seelo saa jank

Jank bi maa ko tàkke paxelaak pallëngal bu dem bàyyil ndesu.

Daaw gi jël aw xal jox ko. Njuga di dox, yor xal wi ; di dox, di dox, ba gis jigéen ju wasin bëgg ruy, amul lu mu taale. Njuga jox ko xal wi, mu taal, ruy ba naan ba noppi, bëgg dem.

Njuga ni ko : Moo Wasin loo nar ?
Mu ni ko : Xanaa jël sa xal di la xool.
Njuga ni ko : Xal wi xalu daay
Daay a jël saa ndox
Ndox mi ndoxu dex
Dex a jël saa wogg
Wogg wi woggu jànj
Jànj jël saam meew
Meew mi meewu Sàmm
Sàmm wëggé saa goj
Goj bi gojub guy
Guy magge saa car
Car bi caru Kéwal
Kéwal a yéy saa sëb
Sëb wi sëbu Jëgg
Jëgg seeloo saa jank
Jank bi maa ko takke paxelaak pallëngal bu dem bàyyil ndesu.

Wasin wi tibb ci sunguf si jox ko. Njuga yore sunguf di dox, di dox, di dox ba benn callaweer romb ko, mu sànni sunguf si ci biir callaweerbi, mu daldi jaxasook pënd mi. Gisatul lenn lu bokk ci sunguf si.

Mu ni :- Aa ! callaweer loo nar ?
Mu ni ko : - Xanaa jël sa sunguf di la xool.
Mu ni ko : - Sunguf si sungufu wasin la
Wasin jël saa xal
Xal wi xalu daay la
Daay a jël saam ndox
Ndox mi ndoxu dex la

Dex jël saa wogg
Wogg wi woggu jànj
Jànj jël saa meew
Meew mi meewu sàmm
Sàmm wëggé saa goj
Goj bi goju guy
Guy màgge saa car
Car bi caru kéwal
Kéwal yéy saa sëb
Sëb wi sëbu jëgg
Jëgg seeloo saa jank
Jank bi maa ko takke paxelaak pallëngal bul dem bàyyil ndese.

Ngelaw li dindi ci ngelawam jox ko. Leegi nag muy doxati ba gis jigéen ju màggat buy bojj bay bëgg jëri, te gisul dara mi ngelaw. Njuga jël ci ngelaw li jox ko mu jëri. Bi mu jëri ba noppi bëgg dem.

Njuga ni ko :- Ee ! Waaw Soxna si loo nar ?
Mu ni ko : - Xanaa jérée sa ngélaw bi la xool.
Njuga ni ko : - Ngelaw li ngelawal callaweer la
Callaweer jël saa sunguf
Sunguf si sungufu wasin la
Wasin jël saa xal
Wal wi walu daay la
Daay jël saa ndox
Ndox mi ndoxu dex la
Dex jël saa wogg
Wogg wi woggu jànj la
Jànj jël saa meew
Meew mi meewu sàmm la
Sàmm wëggé saa goj
Goj bi goju guy la
Guy màgge saa car
Car bi caru kéwal
Kéwal yëy saa sëb
Sëb wi sëbu jëgg la

Jëgg seeloo saa jank

Jank bi ma koo takke paxelaak pallëngal bu dem bàyyil ndesu.

Soxna si dindi ci pepp mi jox ko. Muy dem, di dem, di dem ba gis benn picc, mu jël pepp mi sanni ko picc mi. Picc mi lekk ko, ba noppi bëgg dem.

Njuga ni ko : - Aa ! Moo picc Samba loo nar ?

Mu ni ko : - Xanaa lekk sa pepp di la xool.

Mu ni ko : - Pepp mi peppum jigéen la

Jigéen jël saa ngelaw
Ngelaw li ngelawal cellawar la
Cellawar jël saa sunguf
Sunguf ci sungufu wasin la
Wasin jël saa xal
xal wi xalu daay la
Daay jël saa ndox
Ndox mi ndoxu dex la
Dex jël saa wogg
Wogg wi woggu jànj la
Njànj jël saa meew
Meew mi meewu sàmm la
Sàmm wëgg saa goj
Goj bi goju guy la
Guy màgge saa car
Car bi caru kéwal
Kéwal a yëw saa sëb
Sëb wi sëbu jëgg
Jëgg seeloo saa Jank
Jank bi maa ko takke paxelaak pollëngal bul dem, bàyyil ndesu?

Picc mi dakdi dindi benn dunq jox ko. Mu yor dunq wi di dox, di dox, di dox, di dox ba fekk ñaari xale yuy xëccóo wenn dunq, mu daldi leen àtte, jël wenn dunq wi jox ko benn xale bi, jël dunq wi ci des jox ko xale bi ci des. Xale bëgg dem.

Mu ni ko : - Aa ! moo xale bi loo nar ?

Xale bi ni ko : - Xanaa jël sa dunq di la xool.

Mu ni ko : - Dunq wi dunqu picc la
Picc jël saa dugub
Dugub ji peppum jigéen
Jigéen jël saa ngelaw
Ngelaw li ngelawal callaweer
Callaweer jël saa sunguf
Sunguf si sungufu wasin la
Wasin jël saa xal
Xal wi xalu daay la
Daay jël saa ndox
Ndox mi ndoxu dex la
Dex jël saa wogg
Wogg wi woggu jànj la
Jànj jël saa meew
Meew mi meewu sàmm la
Samm wëggé saa goj
Goj bi goju guy la
Guy màgge saa car
Car bi caru kéwal.
Kéwal yëy saa sëb
Sëb wi sëbu jëgg la
Jëgg seeloo saa jank
Jank bi maa ko takke paxelaak pallëngal bul dem bàyyil ndesu.

Xale bi ànd ak Njuga yôbbu ko ci baayam. Mu tàmbali leeral fa mu jaar ak xale yi, ni ko moom dafa ñôw fekk ñuy xëccôo dunq wi, mu nangu wenn wi jox ko kii, nangu wenn wi ci des jox kii, daldi tàmbali leeral gôor gi fi mu jaar.

Mu ni ko : - Dunq wi dunqu picc la
Picc jël saa dugub
Dugub wi dugubu jërikat la
Jërikat jël saa ngelaw

Ngelaw li ngelawal callaweer la
Callaweer jël saa sunguf
Sunguf si sungufu wasin la
Wasin jël saa xal
Xal wi xalu daay la
Daay jël saa ndox
Ndox mi ndoxu dex la
Dex jël saa wogg
Wogg wi woggu jànj la
Jànj jël saa meew
Meew mi meewu sàmm la
Sàmm wëggé saa goj
Goj bi goju guy la
Guy màgge saa car
Car bi caru kéwal
Kéwal yëy saa sëb
Sëb wi sëbu jëgg la
Jëgg seeloo saa jank
Jank bi maa ko takke paxelaak pallëngal bul dem bàyyil ndesu.

Góor di daldi koy jox aw mool. Leegi Juga war aw moolam di dem te naan :

Waay a fi doon muustaatu ba am fi moolam !
Waay a fi doon muustaatu ba am fi moolam !
Waay a fi doon muustaatu ba am fi moolam !